



Pou Paran/Moun k ap Bay Swen yo: Dwa ak Responsablite Ou nan Lekòl Pitit ou

Tout timoun and jèn moun nan peyi Etazini gen dwa pou yo benefisye yon edikasyon piblik ki gratis, kèlkeswa estati legal yo, lang yo pale, oswa nivo lekòl yo.



Dwa Paran/Moun k ap Bay Swen yo:



Pou lekòl la ba yo enfòmasyon nan yon lang yo konprann; sèvis tradiksyon sa yo dwe gratis epi fòk se pèsònèl ki kalifye ki pou bay sèvis sa yo



Pou yo konnen pwogrè timoun yo a nan lekòl la epi mande yon reyinyon avèk pwofesè yo nenpòt lè pandan ane lekòl la



Pou yo mande èd si pitit yo a gen difikilte pou l aprann oswa si li gen pwoblèm sante oswa pwoblèm konpòtman ki fè l pa ka aprann



Resevwa mizajou soti nan lekòl sou konpòtman ak aktivite pitit ou

Responsablite Paran/Moun k ap Bay Swen yo:

☐	Asire pitit ou ale lekòl chak jou epi enfòme lekòl la si li pa ka vini
☐	Reyaji ak pèsònèl lekòl la epi kontakte yo si w gen enkyetid sou etid, konpòtman, oswa entimidasyon ki konsène pitit ou
☐	Bay yon espas trankil pou etidye lakay, ankouraje bon abitud etid, epi asire devwa yo fèt
☐	Asire pitit ou dòmi ase, manje byen, epi santi li gen sipò
☐	Mete aksan sou respè, responsablite, ak angajman lekòl
☐	Rete enfòme sou prezans lekòl, nòt, ak resous ki disponib
☐	Ale nan reyinyon, aktivite lekòl, epi fè volontarya si sa posib